

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Dina bab III dipedar hal anu patali jeung métode panalungtikan, nya éta: 1) sumber data, 2) desain panalungtikan, 3) métode panalungtikan, 4) wangenan operasional, 5) instrumén panalungtikan, 6) téhnik ngumpulkeun data jeung 7) téhnik ngolah data.


#### **3.1 Sumber Data Panalungtikan**

Nurutkeun Arikunto (2010: 172) nétélakeun yén anu dimaksud sumber data dina panalungtikan nya éta subjék timana asalna meunangkeun data. Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh kecap rajékan dina kumpulan carpon Halis Pasir karya US Tiarsa R anu kandelna 81 kaca, ukuran bukuna nya éta 21 cm x 14 cm x 0,5 cm. Carpon karya US Tiarsa R mibanda 13 judul, sarta medal taun 2010 ku PT Kibalat Buku Utama. Sakabéh kecap rajékan anu aya dina kumpulan carpon Halis Pasir karya US Tiarsa R téh mangrupa populasi sarta ieu populasi téh dijadikeun sampel. Jadi sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan mangrupa sampel total.

#### **3.2 Desain Panalungtikan**

Desain panalungtikan disusun dumasar kana léngkah-léngkah 1) nangtukeun masalah, 2) studi pendahuluan, 3) nyieun rumusan masalah, 4) nyieun anggapan dasar, 5) milih pamarekan, 6) nangtukeun variabel jeung sumber data, 7) nyusun instrument, 8) ngumpulkeun data, 9) ngayakeun analisis data, 10) nyieun kacindekan, 11) nulis laporan (Arikunto, 2010: 61).

Sangkan leuwih jéntré léngkah-léngkah panalungtikan digambarkeun saperti bagan ieu di handap.



Bagan 3.1  
Desain Panalungtikan

### 3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Nurutkeun Nazir (2005: 54) anu dicutat ku Suherman (2008: 45) méthode déskriptif nya éta hiji méthode anu digunakeun dina nalungtik status kelompok manusa, hiji objék, kondisi, sistem pamikiran, atawa ngeunaan kelas kajadian dina mangsa kiwari. Tujuan tina panalungtikan déskriptif nya éta pikeun nyieun déskripsi, gambaran atawa lukisan sacara sistematis, faktual jeung akurat ngeunaan fakta-fakta, sipat, sarta hubungan antara fénomena anu keur ditalungtik.

Nurutkeun Suyatna (2002: 14) metode déskripsi mangrupa akumulasi data-data dina cara déskriptif wungkul, teu miboga hubungan, teu nguji hipotésis, sarta teu nyieun ramalan. Tujuan méthode panalungtikan déskriptif nya éta pikeun méré deskripsi atawa nyieun gambaran sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta jeung sipat-sipat populasi daérah anu tangtu. Patalina ieu méthodé jeung objék anu jadi bahan panalungtikan nya éta yén ieu méthode digunakeun pikeun ngadeskripsikeun sakabéh kecap rajékan nu mibanda wangun, fungsi jeung harti anu kapanggih dina kumpulan carpon *Halis Pasir* karya US Tiarsa R.

### 3.4 Wangenan Operasional

Ieu di handap baris dipedar istilah-istilah anu aya patalina jeung judul panalungtikan di antarana nya éta:

1) Kecap Rajékan

Kecap rajékan nya éta kecap anu ngawangun ku cara nyebut dua kali atawa leuwih wangun dasarna, sabagian atawa sagemblengna, boh binarung jeung robahna sora atawa rarangkén boh henteu (Sudaryat, 2007:

2) Kumpulan Carpon

Carpon téh singgetan tina carita pondok, nya éta salahsahiji wangun karya sastra anu mangrupa carita bébas jeung ilaharna caritana relatif pondok atawa prosa sarta biasana dipidangkeun dina média tulisan. Jadi kumpulan carpon nya éta kumpulan carita pondok anu ilaharna geus dibukukeun.

3) Struktur

Struktur nya éta hiji tilikan anu médar ngeunaan wangun, fungsi atawa pola-pola anu aya dina kecap rajékan.

4) Semantis

Semantis nya éta hiji tiilikan nu medar ngeunaan harti anu dipibanda ku kecap rajékan.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nya éta kartu data atawa korpus. Kartu data digunakeun pikeun nyalin sakabéh kecap-kecap rajékan anu kapanggih dina kumpulan carpon Halis Pasir anu geus dibéré idéntitasna kayaning kaca, paragraf jeung baris kalayan hasil analisisna dumasar kana wanda, wangun jeung harti tina kecap rajékan éta sewang-sewangan.

Ieu di handap mangrupa conto kartu data jeung tabél distribusi kecap rajékanna.

**Kekebonan** carpon/kaca/baris/paragraf  
 Wangun : Kecap rajekan dwipurwa binarung rarangkén  
 Fungsi : Verbal  
 Harti : nuduhkeun hiji pagawéan (diminutif)

Gambar 3.1  
 Conto Kartu Data

### 3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta ulikan pustaka jeung analisis unsur langsung. Suyatna (2002: 18) téknik ulikan pustaka nya éta téknik pikeun meunangkeun tiori anu bakal dijadikeun acuan dina ngalaksanakeun hiji panalungtikan. Téknik ulikan pustaka digunakeun pikeun ngumpulkeun data ku cara macaan buku anu patali jeung objék panalungtikan. Sedengkeun analisis unsur langsung digunakeun pikeun nyungsi data ngeunaan kecap rajékan. Ku ayana ieu téknik dipiharep bisa ngabantuan kana ngumpulkeun data ngeunaan kecap rajékan.

Léngkah-léngkah panalungtikanana diruntuykeun saperti ieu di handap.

- a. Maca data dina sumber data;
- b. Nyalin data anu kaasup kana kecap rajékan kana kartu data sarta nangtukeun idéntitasna (judul/kaca/paragraf/baris);
- c. Milah-milah data dumasar kana wangun anu sarua, jeung;
- d. Nuliskeun deui data anu aya dina kartu data atawa korpus kana tabél.

Anapon tabél anu digunakeun pikeun distribusi kecap rajékan anu kapanggih tina kumpulan carita pondok Halis Pasir karya US Tiarsa R téh digambarkeun saperti ieu di handap.

Tabel 3.1  
 Tabél Distribusi Data Kecap Rajékan

No	Kecap Rajékan	Sumber Data	Pola	f	%

### 3.7 Téhnik Analisis Data

Téhnik anu digunakeun pikeun nganalisis data nya éta téhnik analisis unsur langsung. Ari léngkah-léngkah analisis datana saperti ieu di handap.

- a. Ngelompokkeun data dumasar kana: a) wangun kecap rajékanana, b) fungsi kecap rajékanana, jeung c) harti kecap rajékanana;
- b. Milah-milah kecap anu miboga ciri atawa wangun anu sarua;
- c. Mindahkeun data kana tabél dumasar kana wangun, fungsi jeung hartina sewang-sewangan;
- d. Ngajumlahkeun sakabéh kecap-kecap rajékan tuluy diperséntasekeun;
- e. Ngadéskripsikeun kecap rajékan;
- f. Nyusun bahan ajar maca anu ngandung kecap rajékan, jeung;
- g. Nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan.